



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE PLIS PASSE 30 MILYON DOLA DEPATMAN
DEFANS ETAZINI POU EKIP RECHÈCH NORDTECH LA**

***Prim Federal yo pral sipòte Nòdès la kòm yon Sant Inovasyon Depatman Defans
ak ankouraje devlopman nan yon endistri fabrikasyon mikwo-elektwonik***

***Ranfòse chemen dirèk pou komèsyalizasyon soti nan "Laboratwa rive nan
Fabrikasyon" pou rechèch ak devlopman dènye kri nan Eta New York***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul selebre 30 milyon dola nan prim Depatman Defans (Department of Defense, DoD) federal pou Sant Teknoloji Defans Rejyonal Nòdès (Northeast Regional Defense Technology Hub, NORDTECH), sant ki gen katye jeneral nan Eta New York pou [pwogram U.S. Microelectronics Commons lan](#). Yo te chwazi kat pwojè inovan pa patisipan sant yo nan domèn teknik Teknoloji Pwopòsyon, ak Teknoloji Komèsyal Leap Ahead, ki gen ladan elektwonik pwisans mayetik, ak fotonik entegre. Travay devwe sou pwojè avanse sa yo deja sou pye.

"Envestisman enpòtan sa a pou NORDTECH pral bay yon gwo ogmantasyon nan ekonomi nou an epi etabli New York davantaj kòm yon lidè mondyal nan teknoloji", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen vle remèsye administrasyon Biden-Harris la, Lidè Majorite Schumer, ak tout patnè federal nou yo ki te adopte Lwa sou CHIPS ak Syans lan, ki te ede konstwi pwochen jenerasyon rechèch semi-kondiktè ak mikwo-elektwonik, fabrikasyon, ak fòmasyon travay isit la nan New York."

Direktè teknik NORDTECH Nicholas Fahrenkopf, te deklare, "NORDTECH onore pou Depatman Defans la chwazi pwojè nou yo pou akselere matirasyon nouvo teknoloji mikwoelektwonik yo. Kolaborasyon rechèch ki fèk finanse sa yo gen plis pase 20 ekspè gouvènmantal ak akademik diferan ki soulinye fòs kolektif nou ak devouman nou pou satisfè bezwen Depatman Defans lan ak solisyon teknolojik wo gam."

Microelectronics Commons te fòme pou kreye yon chemen dirèk pou redwi depandans peyi a sou mikwoelektwonik etranje ak pwoteje nasyon an kont risk chèn apwovizyonman. NORDTECH se yon konsòsyòm rejyonal laboratwa gouvènmantal, konpayi defans, enstitisyon akademik, ak òganizasyon fabrikasyon teknoloji nan Eta New York ak youn nan uit sant ki konpoze pwogram US Microelectronics Commons lan. Senk manm fondatè NORDTECH yo, ki gen ladan ekip lidèchip sant la ak komite

gouvènans, gen ladan Sant pou Rechèch, Avansman Ekonomik, Teknoloji, Jeni ak Syans (New York Center for Research, Economic Advancement, Technology, Engineering, and Science, NY CREATES), University at Albany College of Nanotechnology, Science, and Engineering (NY CREATES), Kolèj Nanoteknoloji, Syans, ak Jeni (College of Nanotechnology, Science, and Engineering, CNSE) University at Albany, Cornell University, Rensselaer Polytechnic Institute (RPI), ak IBM.

Ou ka jwenn yon lis konplè pwojè NY CREATES, AIM Photonics ak Cornell University, Cornell, ak Rochester Institute of Technology, respektivman isit la: www.nordtechub.org/nordtech-news/dod-award.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Ustate NY ap dirije avni inovasyon pou sekirite nasyonal Amerik la nan endistri pis la. Pi gwo enstitisyon rechèch nò Eta New York soti nan Cornell ak RIT rive nan NY CREATES ak plis ankò ap fè patenarya ak Depatman Defans la pou fè teknoloji ki pral dirije endistri sa a pou pwochen syèk la. 27 milyon dola siyifikatif sa a mete Upstate NY nan plas chofè pou dekouvèt yo ke endistri chip ak defans di yo pral esansyèl nan avni teknoloji sa a. Mwen te kreye Lwa sou CHIPS ak Syans mwen an ak Upstate NY kòm zetwal nò mwen an, paske mwen te konnen ke avèk investisman federal yo vize kominote atravè New York te kapab fè endistri sa a tounen soti lòt bò dlo rive nan Etazini. Kounye a, soti nan Rejyon Kapital la rive nan Santral NY rive nan Lwès NY sa k ap pase epi gwo prim sa a ki soti nan Depatman Defans la pral ede nou pwofite opòtinite sa a yon fwa nan yon jenerasyon pou mennen nouvo inovasyon ak fòme travayè nou yo pou asire gwo pèsè pou avni teknoloji sa a epi li fèt isit la nan Empire State la."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "30+ milyon dola sa a nan finansman federal pou NORDTECH pral non sèlman avanse rechèch ak devlopman dènye kri k ap fèt nan Eta New York, men li pral bay tou yon gwo ogmantasyon nan sekirite nasyonal nou an", Senatè Gillibrand te deklare. "Mwen kontan wè DoD fè investisman enpòtan sa a epi mwen pral kontinye goumen pou jwenn sipò federal pou ranfòse endistri manifakti mikwoelektwonik nan Eta New York."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Lè m te goumen pou m te adopte pwojè Lwas sou CHIPS ak Syans nou an nan Kongrè a epi siyen li an lwa, investisman tankou sa a te egzakteman sa m te gen nan lespri mwen. Avèk gwo kantite lajan federal sa a, eta nou an pral kontinye sèvi kòm yon sant mondyal pou teknoloji avanse tankou aprantisaj machin ak entelijans atifisyèl — kreye travay ki byen peye epi ranfòse ekonomi lokal nou yo pandan y ap ranfòse sekirite nasyonal nou an tou. Mwen rekonesan ak Administrasyon Biden-Harris paske li bay NORDTECH resous li bezwen pou avanse pwojè inovasyon sa yo, epi mwen rete angaje pou asire ke New York kontinye ap dirije sou sèn mondyal la nan kondwi inovasyon ak kwasans nan endistri mikwo-elektwonik k ap parèt la."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Prim 30 milyon dola sa a se yon lòt egzanp sou lidèchip Eta New York nan inovasyon ak fabrikasyon semi-kondiktè, epi mwen rekonesan anvè Depatman Defans ak Administrasyon Biden lan paske yo rekonèt gwo

potansyèl rejyon nou an. Asosye ak deziyasyon istorik Sant Teknoloji Rejyonal nou an, prim sa a pou NORDTECH pral ede asire konpetitivite nou sou sèn nasyonal ak mondyal. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak NORDTECH ak tout patnè mwen yo pou kontinye defye sa nou konnen ki posib epi ekri pwochen chapit istwa inovasyon nou an."

Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Mwen kontan dèske Depatman Defans la te bay 30 milyon dola pou pwojè NORDTECH la, investisman ekstrawòdinè sa a make yon moman ki pote transfòmasyon pou wòl New York nan avanse avni teknoloji defans. Sou lidèchip mwen, Majorite Sena New York la te fè gwo investisman pou sipòte kwasans fabrikasyon mikwoelektwonik New York soti nan ekspansyon pwogram Excelsior Jobs pou rive nan pwogram Green Chips ak sipò kontinyèl nou pou NY CREATES, ansanm ak Kolèj Nanoteknoloji, Syans, ak Jeni (CNSE) University at Albany an. Nou pran angajman pou kontinye ankouraje yon atmosfè antreprenarya ak avansman teknolojik pou asire ke New York kontinye dirije nasyon an ak kolaborasyon rechèch inovan ki pral gen yon enpak transfòmatif nan endistri manifakti mikwoelektwonik domestik nou an k ap devlope a."

Vis Prezidan Rechèch NY CREATES Doktè Satyavolu Papa Rao te deklare, "Nou rekonesan dèske Depatman Defans la te rekonèt potansyèl inogirasyon pwojè sa a, ak ekselans ekip ki pral bay rezilta yo. Seleksyon sa a pou yon prim federal se yon temwayaj nan rechèch dènye kri nan NY CREATES nan direksyon pou kreye teknoloji pwopòsyon evolutif, ak lidèchip manm ekip yo nan plizyè aspè nan konsepsyon ak fabrikasyon kubit. Nou kontan pou nou kòmanse egzekite efò enpòtan sa a, pou nou pave wout la pou avansman enpòtan nan teknoloji pwopòsyon pa yon kominote pwopòsyon vibran epi k ap grandi. Nou angaje nan travay di ki nesesè pou fè yon enpak dirab ki pral amelyore sekirite nasyonal ak amelyore amelyorasyon nan domèn enfòmasyon pwopòsyon."

Doktè Lewis Carpenter, Manadjè Devlopman AIM Photonics, te deklare, Pwopozisyon AIM Photonics se an repons ak enterè DoD k ap grandi nan teknoloji fotonik pwopòsyon jan yo espesifye nan apèl pwojè Microelectronics Commons yo. Sikwi ak Sistèm Fototik Entegre ki gen yon gwo band Pwopòsyon (Quantum Ultra-Broadband Photonic Integrated Circuits and Systems, QUPICS) ofri yon platfòm fotonik pwopòsyon ki ta bay kapasite pou aplikasyon komèsyal ak DoD ki ta ka amelyore anpil kalite sistèm optoelektwonik pwopòsyon nan echèl pis k ap travay nan vizib, toupre enfrawouj, ak nan enfrawouj. QUPICS pral pèmèt entegrasyon teknoloji kle yo, ki pral yon eleman ki chanje jwèt la pou iyon ki bloke, atòm ki net, ak teknoloji pwopòsyon fotonik yo."

Vis Prezidan pou Rechèch ak Inovasyon Cornell, Doktè Krystyn Van Vliet te deklare, "Premye seri pwojè rechèch teknik Microelectronics Commons yo chwazi pa Depatman Defans atravè NORDTECH make kòmansman yon nouvo opòtinite pou deplase gwo nouvo lide pi ajil soti nan laboratwa a nan fab rive nan pwototip. Nan anpil pwopozisyon konvenkan pou deplase gwo lide nan materyèl ak aparèy mikwoelektwonik yo soti nan laboratwa a rive nan fabrikasyon, ekip sa yo ki gen ladan

plizyè chèchè Cornell te ko-dirije oswa ki fè patenarya te chwazi epwouve ak tetste sou presyon eksperyans nasyonal sa a pou akselere ak estabilize inovasyon fabrikasyon mikwoelektwonik nan US. Nouvo ekip pwojè sa yo nan endistri, akademi, ak laboratwa federal yo -- pral gen aksè tou ak enstalasyon ki gen yon anplwaye ekspè tankou sa yo ki nan Cornell ki fè pati ekosistèm NORDTECH la. Mwen pa ka tann tout sa chèchè Cornell yo ak patnè pwojè yo atravè New York ak Etazini yo pral kontribye nan NORDTECH ak Microelectronics Commons. Pwojè tankou sa Doktè Karan Mehta Cornell te ko-dirije pou avanse teknoloji pwopòsyon an, ak pwojè Doktè Debdeep Jena Cornell la te dirije sou avansman teknolojik ki lye ak materyèl ki pèmèt pou alimante elektwonik ka montre pouvwa divès ekip rechèch an aksyon. Non sèlman ekip pwojè sa yo pral vize pou demontre avansman nan defi teknik nan materyèl ak aparèy mikwoelektwonik ki sèvi ak ekosistèm NORDTECH la, ekip pwojè sa yo pral ankouraje pwochen jenerasyon talan ki anbisyè, kreyatif nan Etazini ki pi byen konekte pwen ant laboratwa ak fabrikasyon, ant dekouvèt ak sèvis piblik, ak ant bezwen sosyete a avantaj sosyete a."

VisPrezidan pou Rechèch ak Rektè Adjwen Enstiti Teknoloji Rochester a (Rochester Institute of Technology), Doktè Ryne Raffaele, te deklare, "RIT fyè anpil dèske li nan premye plan nan mikwoelektwonik ak syans enfòmasyon depi nan kòmansman li. Travay ak patnè nou yo nan Sant NORDTECH Microelectronic Commons ak Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn DoD la sou pwochen rezo pwopòsyon asire ke nou pral kontinye jwe yon wòl enpòtan nan domèn sa yo ak avni baz endistriyèl nasyon nou baze sou teknoloji enpòtan sa yo. Mwen kontan anpil lè m sèvi ak enfrastruktir fabrikasyon pis nou an ak lòt nan rejyon ak eta nou an pou ede reyalye pwomès teknoloji pwopòsyon an epi ogmante konpetitivite Etazini ak enpak ekonomik pou nasyon nou an."

Pwogram Inovasyon Gouvènè Hochul

Patenarya federal sa a bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou mennen inovasyon atravè Eta New York pou atire gwo anplwayè epi kreye djòb 21èm syèk ki byen peye. Nan kad Bidjè ane fiskal 2025 li a ke yo Adopte a, Gouvènè a te garanti yon investisman 275 milyon dola nan Empire AI, yon konsòsyòm sèt enstitisyon fondatè ki pral kreye ak lanse yon sant enfòmasyon entelijans atifisyèl modèn nan Buffalo ki pral mete Eta New York nan rechèch AI dènye kri.

Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon istorik Green CHIPS New York pou estimile rechèch, devlopman ak fabrikasyon semi-kondiktè nan Eta New York epi li te anonse yon patenarya 10 milya dola pou pote rechèch pis pwochen jenerasyon an nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la. Lè yo pwofite opòtinite ankourajman Lwa sou CHIPS ak Syans federal la ak finansman eta a, inisyativ Gouvènè a te debloke investisman istorik nan endistri semi-kondiktè a, ki gen ladan yon investisman 100 milya dola Micron pou konstwi yon enstalasyon fabrikasyon pis klas mondyal epi kreye 50,000 djòb nan New York Santral, ananm ak investisman ki soti nan GlobalFoundries, IBM, TTM Technologies, Menlo Micro ak lòt biznis semikondiktè ak biznis chèn ekipman yo.

Anplis de sa, Gouvènè a te kontinye avanse yon Inisyativ Syans Lavi ki koute 620 milyon dola pou sipòte inovasyon nan rechèch byomedikal. Epi, atravè investisman estratejik tankou inisyativ 113.7 milyon dola Battery-NY, Gouvènè Hochul te ankouraje kwasans dirabilite, teknoloji vèt, ak ekonomi depo enèji nan Eta New York.

Ajanda inovasyon Gouvènè a te katalize gwo investisman piblik ak prive, ki transfòme ekonomi New York epi kreye travay ki byen peye nan lavni. Dènyèmman, GlobalFoundries te anonse yon investisman 11.6 milya dola pou elaji kanpis fabrikasyon pis li a nan Rejyon Kapital New York, sa ki kreye 1,500 djòb dirèk ak plizyè milye djòb endirèk. An 2022, Micron te anonse yon investisman 20 ane, 100 milya dola pou kreye yon kanpis megafab nan Sant New York, k ap kreye 50,000 nouvo djòb dirèk ak endirèk epi debloke plizyè santèn milyon dola nan benefis kominote a. Inisyativ Syans Lavi Gouvènè a te ede solidifye seleksyon New York pou 300 milyon dola Chan Zuckerberg Biohub New York la, yon sant rechèch byomedikal nan Vil New York, ak investisman enpòtan Schrödinger, Inc., Deerfield Discovery and Development, ak lòt biznis syans lavi yo. Nan kòmansman ane sa a, National Science Foundation te anonse tou yon investisman 160 milyon dola nan Motè Estokaj New Energy New York nan Inivèsite Binghamton pou etabli yon sant pou inovasyon, tradiksyon teknoloji, ak devlopman mendèv pou ogmante kapasite endistri batri domestik la.

Konsènan Sant Teknoloji Defans Rejyonal Nòdès (NORDTECH) la

NORDTECH se yon kowalisyon rejyonal ekspè nan sektè piblik ak prive nan rejyon Microelectronics Commons nan ak ozalantou Eta New York, ki te etabli an septanm 2023 kòm yon pati nan premye gwo prim ki soti nan Lwa sou CHIPS ak Syans Ameriken an. Senk manm fondatè NORDTECH yo, ki gen ladan ekip lidèchip ak komite gouvènans sant la, gen ladan Sant pou Rechèch, Avansman Ekonomik, Teknoloji, Jeni ak Syans (New York Center for Research, Economic Advancement, Technology, Engineering, and Science, NY CREATES), University at Albany College of Nanotechnology, Science, and Engineering (NY CREATES), Kolèj Nanoteknoloji, Syans, ak Jeni (College of Nanotechnology, Science, and Engineering, CNSE) University at Albany, Cornell University, Rensselaer Polytechnic Institute (RPI), ak IBM. Konsèy NORDTECH la konseye pa divès òganizasyon manm k ap patisipe yo, ki gen ladan ti konpayi ak konpayi tay mwayen nan fabrikasyon semi-kondiktè, inivèsite ak kolèj kominotè, ak gwo kòporasyon ki se founisè sèvis ak lidè nan konsepsyon, fabrikasyon ak pwodiksyon aparèy semi-kondiktè. W ap jwenn plis enfòmasyon nan nordtechub.org.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)